**Паспорт фонда оценочных средств по предмету чеченский язык**

**3 класс**

| № п/п | Контролируемые разделы (темы) предмета* | Наименование оценочного средства |
|---|---|---|
| 1 | 1-ра чийрик . 1аминарг карладакхар. Предложени. | Талламан болх №1 «Г1арг1улеш» |
| 2 | 1-ра чийрик . Къасторан хьаьркаш | Талламан болх №2 «Бошмийн доттаг1ий» |
| 3 | 2-г1а чийрик. Коьрта а, коьртаза меженаш. | Талламан болх № 3 «Тхан юрт». |
| 4 | 2-г1а чийрик. Орамехь шала мукъаза элпаш яздар. | Талламан болх №4 «Можа хьоза» |
| 5 | 3-г1а чийрик. Дешхьалхе а, дешт1аьхье а. | Талламан болх №5 «Сурт» |
| 6 | 3-г1а чийрик. Ц1ердош. | Талламан болх №6 «Олхазар» |
| 7 | 4-г1а чийрик. Хандош. | Таламан болх №7 «Хала денош» |
| 8 | 4-г1а чийрик. Шеран талламан диктант №8 | Таламан болх №8 «К1айн марха» |

**Талламан болх №1.**

Г1арг1улеш**.**

Хаза хуьлу гурахь г1арг1улеш йоьлхуш. Кхо са бой йоьлху уьш лакха стигалхула.

Церан маьхьарий хеза лаьттахь. Дехха лаьтта адамаш царна т1аьхьа хьоьжуш.

Г1арг1улеш бовхачу махка д1айахар гуьйре йоларан билгало ю.

**Грамматически т1едиллар**:

**1.Йоьалг1ачу предложенехь коьрта меженаш лаха.**

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №2.**

**Бошмийн доттаг1ий.**

Тхан бешарчу дитта т1ехь д1атоьхна бен бу. Цу чохь олхазарш дека. Олхазарш бошмийн доттаг1ий дуйла хаьа суна. Ас уьш къехка ца до. Цундела тхан дитташ т1ехь стоьмаш дуккха а латабо.

**Грамматически т1едиллар.**

**1. Хьалхара предложени меженашца талла.**

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №3.**

**Тхан юрт.**

Тхан йурт хаза ю. Йуьртана гена доцуш охьадог1уш Орга ду. Йуьртана уллехь хьун ю. Тхан Йуьрта йистехь йуьртбахаман аренаш ю. Цигахь боккха 1ам бу. Оцу 1ома чохь дуккха а ч1ерий ду. Де дийне мел долу толуш ю тхан йурт.

**Грамматически т1едиллар.**

**1. Ворх1алг1а предложени меженашца талла.**

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №4.**

**Можа хьоза.**

Мурада можа хьоза лецира. Цо иза ц1а а деана, гура чу хаийра. Хьоза декара сагатлуш, шен жимачу з1акарца дуткъийчу серех тийсалора. Ц1а еача йишас довдира вешина. Мурада д1ахийцира можа хьоза. Декаш сирлачу стигала т1ома делира хьоза.

**Грамматически т1едиллар**.

1. Пхоьлаг1а предложени меженашца талла.

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №5.**

**Сурт.**

Пена т1ехь а, керта т1ехь а , массанхьа а суьрташ дохкура Авалус. Йишас альбом йэлира Авалуна. Х1инца цунна  т1ехь дуьллура цо сурт. Суьрташ дахка говзалла йолуш Авалу хилар хиира йишина. Цо д1аязвира ваша суьрташ дахка 1амочу кружоке. Воккха художник хирву Авалух, олу йишас.

**Грамматически т1едиллар:**

**1.Шолг1ачу предложенехь коьта меженаш лаха.**

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №6.**

**Олхазар.**

Цхьадолу олхазарш гурахь бовхачу махка д1адоьлху. Церан д1адахар тайп-тайпана хуьлу. Ч1ег1ардигаш йаккхий тобанаш йой доьлху. Г1арг1улеша кхосаберг йо. Г1езаша мог1а бо.

1а д1адаьлча йуха а схьакхочу олхазарш. Царна шаьш хьалха хан йаьккхина меттигаш йэвза. Циггахь совцу уьш шаьш йухакхаьчча. Шайн хилла баннаш юха то а до, керланаш а до цара .

**Грамматически т1едиллар:**

1. **Хьалхарчу предложенехь билгалдаха къамелан дакъош.**
2. **Меженашца талла иза.**

## Талламан болх №7.

## Хьех.

Хьуьнхахь сов доккха хьех дара. Дукха зама яра цу хьехан. Дукха акхарой хьийзина цу хьехана гонаха. Хьехо шен орамаш д1ахецнера массо а аг1ор. Хьехаца тарсалан бен бара. Хьехах шен ц1а тарделла 1ара иза. Цхьогална хиира, тарсал оцу хьеха т1ехь юй. Амма тарсало, лакха хьала а йолий, цхьогал хьегадора. Оцу хьехал доккха дитт дацара цунна гонаха.

**Грамматически т1едиллар:**

1. **Хьалхарчу предложенехь билгалдаха къамелан дакъош.**
2. **Меженашца талла иза.**

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;

«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;

«3»-3-4 г1алат делахь;

«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

## Талламан болх №8.

## Хино го баккхар.

Мьалхан з1аьнарша латта дохдо. Лаьтта т1ера хи 1аьнаре доьрзу. Леккха хьала а йолий, к1айн марха хуьлий лела иза сийначу стигалхула. К1айн мархех дог1анан мархаш хилира.

Дог1анан т1адамаш семсачу лаьттах дуьйлира. Лаьтта бухара к1ежъетташ хьаладолий, сирла татол долало. Татол доккхачу хих д1акхетар ду.

**Грамматически т1едиллар:**

1. **Хьалхарчу предложенехь билгалдаха къамелан дакъош.**

2. **Меженашца талла иза.**